



Pou Piblikasyon Imedya: 6/10/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE FINISMAN DEVLOPMAN LOJMAN ABÒDAB POU GRANMOUN AJE KI KOUTE 40 MILYON DOLA NAN KONTE SUFFOLK

Kominote ki akse sou transpò a ajoute prèske 400 kay ki aksesib pou fanmi ak granmoun aje ki gen revni miks yo

11 Park Drive Apartments se katriyèm devlopman lojman abòdab ki finanse pa eta ki pral ouvri nan Wyandanch Village

Gade reprezantasyon grafik la [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a finisman devlopman lojman nan pri abòdab ki koute 40.4 milyon dola nan ti vilaj Wyandanch Konte Suffolk la. Nouvo bilding ki fèk konstwi a, ke yo konnen kòm 11 Park Drive Apartments, gen ladan 94 apatman pou granmoun aje epi li se katriyèm faz devlopman nan Wyandanch Village, yon 16 ekta tè ki bò kote estasyon Long Island Railroad Wyandanch lan epi kounye a, li gen 395 apatman.

"Ogmante rezèv bon jan kalite lojman abòdab se yon priyorite atravè New York, sitou nan kominote ki nan Long Island", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Nou rete konsantre sou kreye plis opòtinite lojman tankou Wyandanch Village ki ede asire popilasyon granmoun aje nou an kapab rete nan kominote yo rele lakay yo pandan y ap jwi aksè amelyore nan transpò piblik ak sèvis ki nesèsè pou viv poukont yo".

Finisman 11 Park Drive Apartments konplete plan Gouvènè Hochul la pou rann lojman pi abòdab, ekite ak estab nan tout Eta New York. Nan Bidjè Eta Ane Fiskal 2023 a, Gouvènè a te entwodui ak reyisi jwenn yon nouvo plan lojman konplè sou senk ane k ap koute 25 milya dola, ki pral ogmante rezèv lojman an gras a kreyasyon oswa prezèvasyon 100,000 kay bon mache nan New York sa gen ladan 10,000 k ap gen sèvis soutyen pou popilasyon frajil yo, plis elektrifikasyon yon lòt 50,000 kay.

11 Park Drive Apartments gen yon sèl bilding senk etaj ki gen 94 apatman ki rezève pou granmoun aje ki gen 62 ane ak plis. Tout apatman yo abòdab pou fanmi ki ap touche 70 pousan nan Revni Mwayen Zòn lan oswa pi piti ke sa.

Bilding lan fèt pou akomode moun ki gen pwoblèm mobilite ak moun ki gen pwoblèm avèk mach oswa ki konte sou chèz woulant oswa deyanbilatè. Sèt apatman yo konplètman adapte pou akomode lokatè ki gen andikap fizik epi twa lòt apatman yo pral konplètman adapte pou rezidan ki gen pwoblèm vizyèl oswa tande.

Amenajman yo enkli yon lokal lesiv, sal kominotè ki gen plizyè rezon, sal òdinatè, sal fizik, biwo sèvis sosyal rezidan yo, ak espas vèt.

Ekip devlopman pwojè a se yon antrepriz konjwent ant Albanese Development Corporation ak Selfhelp Realty Group.

Selfhelp pral opere modèl Sèvis Aktif pou Vyeyès yo a nan bilding lan, ki ofri sèvis admisyon ak evalyasyon sèvis sosyal, asistans avèk benefis ak dwa yo, pwogram byennèt mantal ak fizik, ak evènman sosyal. Pwogram nan bay rezidan yo opòtinite volontè tou ak referans nan resous ki baze sou kominote a tankou repa yo bay lakay yo, swen nan kay, sèvis sante mantal ak transpò.

11 Park Drive Apartments se katriyèm bilding rezidansyèl ki pral fini nan Wyandanch Village. Se vil Babylon ki te achte tè 16 ekta (40-acre) tè pou yon reyamenajman rezidansyèl avèk sipò Empire State Development, Kòporasyon Enstalasyon Anviwòmantal Eta New York (New York State Environmental Facilities Corporation), Administrasyon Transpò Federal (Federal Transit Administration), ak Depatman Federal pou Lojman ak Devlopman Iben (Federal Department of Housing and Urban Development). Wyandanch Village fè pati yon pi gwo efò revitalizasyon ki rele Wyandanch Rising, yon plan revitalizasyon anba lavil konplè ki oryante sou transpò piblik, epi li te nonmen yon pwojè priyoritè Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Long Island (Long Island Regional Economic Development Council, LIREDC) lan.

Vil la te chwazi Kòporasyon Devlopman Albanese (Albanese Development Corporation) kòm Mèt Devlopè pou bilding rezidansyèl yo. Anplis 11 Park Drive Apartments, yo te fini de bilding pou itilizasyon miks ak pou moun ki gen revni miks avèk 177 apatman an 2015 epi yon twazyèm bilding ki gen 124 apatman pou mou ki gen revni miks te ouvri nan fen 2019. Tout kat pwojè yo te resevwa finansman nan men Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta New York.

Finansman eta a pou 11 Park Drive Apartments genyen 7.9 milyon dola nan obligasyon avèl egzonerasyon taks pèmanan, kredi taks federal pou moun ki gen revni ba ki te jenere 15 milyon dola nan fon pwòp ak 14.9 milyon dola nan sibvansyon ki soti nan HCR.

RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) nan Eta New York, te deklare, "Wyandanch Village kounye a ofri prèske 400 apatman pou yon seri revni fanmi nan yon kote ki pratik, ki akse sou transpò piblik. Kalite devlopman planifye sa a pral sèvi kòm yon modèl atravè Eta New York pou fason pou konstwi kominote entelijan, dirab, ak itilizasyon miks. 11 Park Drive Apartments ajoute 94 kay abòdab pou granmoun aje pou rezidan yo kapab

vyeyi an plas san danje nan yon katye pwospè ak aktif avè aksè nan sèvis sou plas nan Selfhelp. Nou remèsye patnè lokal nou yo ak Kòporasyon Devlopman Albanese paske yo fè Wyandanch Village tounen yon reyalite".

Chèf Egzekitif Konte Suffolk, Steven Bellone, te deklare, "Fè asire ke granmoun aje nou yo gen yon kote ki an sekirite pou yo rele lakay yo isit la nan Konte Suffolk rete yon priyorite prensipal epi fini devlopman lojman abòdab sa a fè sa. Mwen ta renmen remèsye Eta New York pou patenarya kontinyèl li epi paske li asire moun ki nan bezwen yo kapab kenbe yon do kay sou tè yo".

Sipèvizè Vil Babylon Rich Schaffer te deklare, "Nouvo devlopman sa a se yon pati enteresan nan Wyandanch Rising. Bay yon lojman pou granmoun aje nou yo ki pèmèt yo kenbe endepandans vital se yon bezwen ki pa satisfè nan rejyon an. Nan non tout Konsèy Vil la, nou remèsye patnè nou yo nan Selfhelp ak tout ajans eta ki enplike nan fè devlopman sa a tounen yon reyalite".

Prezidan Albanese Organization, Christopher Albanese, te deklare, "Nou fyè de dènye reyalizasyon nou nan Wyandanch Village avèk finisman ak lokasyon 11 Park Drive, yon bilding lokasyon 100% abòdab ki te bati pou granmoun aje ki pi vilnerab nou yo. Travay sa a pa t ap posib san tout patnè nou yo ki gen ladan Selfhelp Community Services, New York State Homes and Community Renewal, Konte Suffolk, Vil Babilòn ak Otorite Devlopman Endistriyèl Vil Babilòn, ansanm ak sendikatè kredi taks pou lojman pou moun ki gen revni ba nou, Hudson Housing Capital, ak kreditè nou an, JPMorgan Chase Bank. 11 Park Drive make adisyon senkyèm bilding sa a, ki kontinye alafwa kontribye ak bati sou kolaborasyon piblik-prive ke yo rele 'Wyandanch Rising', ki se yon efò pou pote nouvo lojman an sekirite, ak abòdab nan kominote Wyandanch lan, osi byen ke nouvo opòtinite pou kwasans ekonomik".

Direktè Egzekitif Selfhelp Realty Group | The Melamid Institute of Affordable Housing, Evelyn Wolff, te deklare, "Selfhelp fyè dèske li fè pati ekip k ap pote lojman abòdab avèk sèvis pou granmoun aje nan Wyandanch ak katye ki antoure yo. Kolaborasyon sa a ak Albanese Organization pral benefisye anpil Nouyòkè ki aje ki bezwen yon nouvo kay abòdab ak bèl nan kominote yo. Nou kontan anpil pou nou vini ak SHASAM, Selfhelp Active Services for Aging Model, nan 11 Park Drive epi bay sèvis sou plas pou sipote sante ak byennèt aje rezidan ki gen revni ki ba ak modere yo".

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418